



Fukki mbir yu mata bàyyi xel booy sàkku juree doom ci awra ginaaw bi nga mësee juree doom ci opeere


Juree doom ci awra ginaaw bi nga juree doom ci opeere (Vaginal Birth After Cesarean, VBAC) mooy tekki xale bu judd jaaree ci awra ginaaw bi nga mësee juree doom jaare ko ci opeere. VBAC yi lu mëna nekk la te moo ëpp ay njariñ ci bu ñu ko mengalee ak di juree doom lu bari ci opeere, njariñ yu mel ni gëna gaawa wér ak mucc ci lor yi mëna amee ci opeere.¹

Boo fas yéenee amaat doom te nga bëgg koo jaare ci awra, amnga sañ-sañ jeema def ab VBAC ci ab fajkat (sinekolog wala saas-faam). Jàngal yii di ñew ba mu leer sa bopp ndax nga mëna def tann bu tegu ci xel:


1. Wuteel ci sa lopitaal bu njëkk ba pàccu kayit biy ténk ak leeral sa njurug doom jaaree ko ci opeere ngir jox ko sa fajkat bi. Loolu dafay leeral ban opeere nga defon ak ban xeetu xotti-xotti opeere nga yore. Téeye ci benn sotti ngir sa bopp.
2. Ñi gëna yell ci VBAC ñooy nit ñu mësa am xott-xotti biir bu tèdd te suufe¹ (xott-xotti bu nekk ci suufu biir bi te tèdd) te fekk ñu daan soril seen njur lumu néew-néew 18 weer ba ñaari at.²
3. Ñi am xotti-xotti yu taxaw te suufe (xotti-xotti yu taxaw) mën nañu def tamit VBAC, waaye ñu tàbbi ci loru butitu njurukaay bu dog (xotteeku ci peggu butitu njurukaay ci bi muy matu) ci ñoom lañ ko gëna ragalee ci boroom xotti-xotti yu tèdd te suufe yi.²
4. Digle **wuñu** ñu am xotti-xotti yu taxaw te kawe yi wala yu yagg ya ñu def VBAC (xotti-xotti ci xaaju kawu butitu njurukaay bi), xotti-xotti yu mel ni T wala xotti-xotti yuñu yokk.¹



Xotti-xotti bu suufe te tèdd
(digle nañu ko)



Xotti-xotti bu suufe te taxaw
(digle nañu ko)



Xotti-xotti yu yagg ya
(Digle wuñu ko)

5. Dëggalal ni kilay faj dinala jàppale ci nga def VBAC.
6. Waxtaanal ak kilay faj ndax dafay teewe moom ci jëmmi boppam sa wësin wala ndax beneen fajkat bumuy bokkal ligéey moo lay defal ab VBAC.
7. Waajalal wësinee ci ab kilinig wala lopitaal bu am jumtukaay yu war ngir def ab VBAC. Laajal ay xayma ci wàllu VBAC ak ñaata yoon la kilinig bi wala lopitaal bi ngay fajoo leegi am ay ndam ci wàll wi **te** nga gëstul ko sa bopp ci **profiles.health.ny.gov/hospital/pages/maternity**.
 - Defee ab VBAC ci kér wala ci santar rewle yi digle **wuñu** ko bu ñu sukkandikoo ci kureel gi di American College of Obstetricians ak Gynecologists; American College of Nurse-Midwives; ak Association of Women's Health, Obstetric ak Neonatal Nurses; wala American Academy of Pediatrics.³
8. Laajal ndax fajkat yu nekk ci kilinig bi wala ci lopitaal bi ndax mën nañu gaawal sa matu bu ko laajee ngir def sa VBAC nimu waree.
9. Jaare ko ci ak nangu gu ñu waxtaane ak ci nàngu ci ginaaw ag leeral, ràññeel tann bi gëna wóor te gën ci sa doom. **Fattalikul:** Am nga sañ-sañ ci soppi fajkat wala lopitaal saa yu la soobee.
10. Xamal ni am nga sañ-sañ soppi sa xel ngir defaat juru opeere saa bulu neexee ci diir bi ngay ëmb wala bi ngay matu.



Bu ñu saxalee ni ab VBAC wóor na ci yaw, wëyal di waxtaan ak sa sinekolog wala sa saas-faam diir bi nga ëmbee.

Ngir ay xibaar yu gëna yaatu,
[yéral ican-online.org/faqs-about-vbac/](https://www.ican-online.org/faqs-about-vbac/)
 wala nga eskane kot Ki Er (QR) bi.

1. Kayitu kilinig ACOG n° 205: juree ci awra ginaaw juree ci opeere. *Obstet Gynecol*. Weeru Fewriyee 2019; 133(2): e110-e127. doi:10.1097/AOG.0000000000003078

2. VBAC: xamal njariñ yi ak lor yi ci nekk. Mayo Clinic. Besu 14 ci Weeru Maars atum 2025 Yér nañu xët bi besu 28 Ci Weeru Awril atum 2025. <https://www.mayoclinic.org/healthy-lifestyle/labor-and-delivery/in-depth/vbac/art-20044869>

3. Xalaatu kureelu ACOG bu n° 697: wësin bu ñu fas yeenee def ci kér. *Obstet Gynecol*. Awril 2017; 129: e117-e122. doi:10.1097/AOG.0000000000002024